

Amelyorasyon San Taks Fè Kay Ou Pi Solid



Kiyès ki pa renmen yon bon zafè?

Lejislati Florida a ap egzonere enpo sou lavant pou sila yo ki planifye fè amelyorasyon pou rann kay yo pi rezistan kont siklòn yo.

Ansanm ak egzonerasyon sou trelè agrikòl ak zouti elektrik, lejislatè yo nan sesyon lejislativ 2022 a te elimine 6% enpo estatal sou acha pwodwi ki gen rapò ak katastwòf yo, yon fason pou rann pwoteksyon kont siklón vin pi atiran pou moun Florida yo.

Egzonerasyon an, ki antre an vigè premye Jiyè, bay yon egzansyon enpo pandan 2 lane sou acha fenèt ak pòt ki ka reziste chòk (menm pòt garaj yo). Objektif la, daprè esponsò yo, se ensite moun Florida yo depanse mwens koulye a pou yo ka ekonomize plis pita.

Pwodwi admisib yo gen ladan fenèt, pòt ak pòt garaj ki swa gen yon etikèt rezistans chòk oswa gen yon endis rezistans chòk. Pa gen limit kantite oswa pri sou atik yo ke ou ka achte nan yon makèt oswa sou Entènèt. Atik ou achte ak kat kado yo menm tou afranchi de enpo. Pwodwi admisib yo dwe achte anvan egzonerasyon an ekspire le 30 Jen 2024.

Florida espesyalman vilnerab a siklòn yo epi tanpèt yo frape li pi ta nan ane a pase nenpòt lòt zòn nan litoral ameriken an. Nan nenpòt ane, gen 46% chans pou yon siklòn frape Leta a, dapre yon analiz ki nan men lejislasyon an.

Estimasyon yo prevwa ke yon siklòn Kategori 1 ki frape Florida ta ka lakòz domaj ant 360 milyon a 718 milyon dola. Floridyen yo ka eksperc yon pèt 1.4 bilyon dola chak 5 lane, menm si nimewo sa yo ta ka ogmante akoz gwo sè ak entansite siklòn nan ki ka pi gwo.

Pou redwi pèt yo, modènizasyon edifis yo ak pòt ki reziste chòk ka ede diminye dega ke siklòn yo lakòz. Pandan yon siklòn, gwo van ka rache objèt tankou bran bwa, debri konstriksyon ak poubèl. Yon fwa ke yon edifis gen twou, non sèlman dlo ak van ka andomaje sa ki anndan an, men tou sa ka pwovoke presyon entèn ki ka kraze tout edifis la.

Enstalasyon ouvèti ki rezistan a chòk yo ka pwoteje kay yo de debri k'ap voltiye ki ka kraze materyèl estanda yo. Ansanm ak [lòt prekosyon pou anpeche siklòn](#), amelyorasyon sa yo ka rann rekiperasyon tanpèt la pi fasil. (Gade enfografi siklòn nan.)

Pou sa ede, Depatman Revni Florida mete ansanm plizyè dokiman enfòmatif, [yon eksplikasyon detayé](#) de pwogram nan ak yon lis pratik de [kesyon yo poze souvan](#) konsènan kalifikasyon, tan pou achte, ranbousman ak lòt detay.

Citizens Pare: Kote Ou Plis Bezwèn Nou



Nan Citizens, nou fè gwo jefò pou nou sa lidè nan endistri sèvis kliyan an. Kèk fwa sa vle di ale jwen ou, kèlkeswa kote ou ye. Sa espesyalman enpòtan apre yon dezas.

Sant Mobil Repons a Katastròf Citizens nan, ke yo plis konnen sou non CRC nou yo, se biwo ki byen fonksyon antyèman a distans e ki ekipé ak founiti ak teknoloji ki nesesè, ki gen ladan dèlko mobil ak satelit pou koneksyon telefòn selilè ak entènèt.

Yon fwa yo an fonksyon, CRC yo founi yon pwen kontak premye liy pou ou verifye kouvèti asirans, fè yon reklamasyon oswa sekirize lajan pou peye pou depans pou viv si kay ou a pa abitab.

"Objektif la se satisfè bezwen kliyan yo kèlkeswa kote sa mennen nou," daprè Ed Sowers, yon ansyen volontè CRC ki, apre Siklòn Michael, te kondui plizyè kilomèt pou rankontre yon asire pou remèt yon chèk alamen. "Pou mwen se yon eksperyans espesyal."

Anvan menm van an kòmanse soufle, CRC yo òganize pou yo deplase nan yon zòn yon fwa ke li an sekirite - nan kék ka, sèlman kék èdtan apre tanpèt la pase. Nan travay an kolaborasyon avèk sekouris ijans yo epi ofisyèl lokal yo, CRC yo souvan sitiye tou pre lòt founisè sèvis enpòtan, tankou detayan yo ki vin tounen sant aktivite lè rekiperasyon an kòmanse.

Apre tanpèt la pase, ekip volontè antrene Citizens lan rive sou plas. Nan kék èdtan, [CRC a fin monte epi an fonksyonman](#), pare pou bay asistans fas a fas. Nan kék ka, Citizens ka deplwaye yon sant rekiperasyon pou satisfè kék bezwen, jan sa te fèt apre siklòn Irma nan ane 2017 epi siklòn Michael nan 2018.

"Kòm previzyon pou sezon tanpèt la, ekip nou an travay avèk dilijsans pou fè sèten ke Citizens pare pou bay repons imeda asire nou yo bezwen nou plis," daprè Susy Ellis, Manadjè Pwogram Eksperyans Kliyan Citizens, ki gen ekip ki sipèvize operasyon CRC yo. "Sezon sa pa yon eksepsyon. Plis pase 130 anplwaye volontè reseva antrènman epi pare pou deplwaye nan zòn dezas epi gen entèaksyon pèsonèl, fas a fas, lè sa nesesè."

Citizens Pare!


CRC yo fè pati de apwòch ak aspè miltip ke Citizens genyen pou abòde rekiperasyon dezas. Asire yo ka verifye kouvèti yo atravè [myPolicy](#) yon zouti otosèvis sou Entènèt e ki konpatib ak selilè ke Citizens ofri asire li yo. Ou ka itilize myPolicy pou ou gade oswa telechaje dokiman asirans (sòf dokiman reklamasyon ou yo); pou soumèt yon reklamasyon; epi pou gade enfòmasyon asirans, reklamasyon ak fakti ou.

Sant Sèvis a la Kliyantèl Citizens nan se yon lòt pwen kontak aprè yon tanpèt. Reprezantan sant apèl yo disponib 24/7 pou jere tretman apèl k'ap rantre e sòti pou moun asire yo ka fè reklamasyon oswa fè demann konsènan reklamasyon yo. Rele 866.411.2742.

Nan ka ou ta afekte akòz tanpèt, ou pa oblige tann pou Citizens rive sou ou. Senpan jwenn aksè a myPolicy epi fè reklamasyon ou la menm.

Kote ou bezwen nou an plis, Citizens Pare!

Fwod Apre Tanpèt Fè Yon Tan Difisil Vin Pi Mal



Alòske ke siklòn ak lòt katastwòf natirèl yo souvan ankouraje zak ewoyis ak jantiyès, sa konn okazyon tou kék konpòtman ke nou admire mwens. Kontraktè ki malonèt, ekspè asirans publik ak konpayi reparasyon yo – ki prezante diskou lavant pèsonn pa mande yo epi ki ofri kondisyon ki sanble twò bon pou yo ta laverite – miltipliye nan jou konfisyon ki vini apre nenpòt tanpèt.

Pou pwoteje tèt ou, kontakte premyèman Citizens aprè ou fè yon pèt pou asire ke ou gen kontwòl reklamasyon ou lan. Swa ou kontakte nou pa Entènèt atravè [myPolicy](#), atravè ajan ou swa pa telefòn, kontak ak Citizens anvan ou kòmanse reparasyon yo ka evite ou plis tèt fè mal apre yon tanpèt.

"Simonte epi rekipere de yon tanpèt katastwofik ka bay estrès, epi pa janm manke moun ki vle pwofite de konsomatè yo nan moman yo pi vilnerab la", daprè Joseph Theobald, Direktè Senior Inite Envestigasyon Espesyal pou Sitwayen yo. "Dènye bagay yon moun asire bezwen se ke yo twonpe li."

Panse Anvan Ou Siyen

Citizens konseye yo pa siyen anyen sa ou pa rezivè ak anpil swen. Si yo mande ou siyen yon kontra pou sede benefis yo (AOB), li posib pou w'ap renonse a dwa ou epi answit rete ak reparasyon ki pa fini oswa oblige peye yon kontraktè pou reparasyon ke asirans ou a pa kouvri. Asirans ou tou ka enpoze yon limit a reparasyon ijans yo jiskaske Citizens rive fè enspeksyon dega yo anvan reparasyon definitif yo fèt.

Li pwobab pou yo ofri ou yon AOB pandan reparasyon ijans sa yo oswa lè konpayi yo frape pòt ou pou mande biznis. Konpayi sa yo gen dwa di ou ke raparasyon yo pa ka konplete jiskaskeou siyen kontra AOB a, sa ki pèmèt ke konpayi a soumèt reklamasyon an epi negosye dirèkteman ak Citizens.

Yon fwa ke ou siyen yon AOB, ou a renonse a kontwòl reklamasyon an. Lè sa a, sesyonè a gen kontwòl la e li ka deside litije, yon desizyon ki ka retade pèman reklamasyon w' la. Plis enfòmasyon sou [danje potansyèl renonsman benefis yo](#) disponib nan Depatman Sèvis Finansye a (DFS).

Kontraktè San Lisans

Kontraktè san lisans ni kalifikasyon se yon lòt risk ou jwenn apre yon tanpèt. Pou verifye si yon kontraktè gen lisans epi pou verife istorik konfòmite li, vizit [paj Entènèt Depatman Biznis ak Regilasyon Pwofesyonèl la](#).

Anplis, [men kèk konsèy](#) de Tasha Carter, Defansè Konsomatè Asirans nan Florid:

- Fè atansyon ak kontraktè ki pa montre ou yon kopi lisans yo oswa ki pa ba ou yon kontra ekri.

- Evite kontraktè ki mande gwo kantite pèman alavans oswa ki mande pèman ak lajan kach anvan travay la kòmanse.

- Mande prèv asirans lan. Si kontraktè a pa gen asisrans, se ka ou ki responsab si li ta blese pandan l'ap travay reparasyon ou yo.

Pou denonse fwòd asisrans ou sispèk, asire Citizens yo ka denonse [sou Entènèt](#) oswa rele Inite Envestigasyon Espesyal Citizens nan nimewo gratis 855.748.8596.

Kliyan yo ka kontakte tou Liy Èd Konsomatè Asirans DFS la nan 877.693.5236. N'ap transfere enkyetid ou yo byen rapid bay envestigatè fwod asirans yo. Reklamasyon fwod yo ka soumèt tou pa Entènèt a [Sèvis Legal ak Envestigasyon DFS](#).

Rekiperasyon apre yon pèt katastrofik se yon bagay ki déjà difisil, e li ka vin pi mal si ou ta viktim twonpri.

Kijan Paj Entènèt Citizens Ka Ede ou!



An jeneral ou pa panse ak nou jiskake ou bezwen nou. E sa nòmal. Nou konprann sa – nou se yon konpayi asirans, men nou pa jis *nepòt* konpayi asirans. Nou la pou founi asirans ak moun ki gen pwopriete tankou ou ki pa ka jwenn kouvèti nan mache asirans prive a.

Pou founi ou sèvis sa, paj Entènèt Citizens la chaje ak enfòmasyon itil. Ann fokis sou twa seksyon paj Entènèt la ke ou ka bezwen konsilte oswa make pou referans pi devan.

1. myPolicy

[myPolicy](#) se kont pèsonèl asire ou. Konsidere li tankou yon gichè kote ou ka jere asirans ou, reklamasyon, enfòmasyon fakti yon sèl kote.

Senpman [anrejjistre](#) sou myPolicy lè li bon pou ou.

Ou ka itilize myPolicy pou:

- Wè ak telechaje dokiman asirans ou yo
- Gen aksè ak detay asirans ou epi wè kouvèti yo, enfòmasyon konstriksyon kay ak plis toujou
- Depoze yon nouvo reklamasyon oswa wè enfòmasyon yon reklamasyon ki egziste (dokiman reklamasyon yo pa ka telechaje.)
- Reyalizè yon pèman, konfime pèman oswa konsilte dat pou peye pwochen fatik ou

Ou pa kon ekspè teknołoji? Sa nòmal. Ou ka rele ajan nou yo nan orè travay oswa nan liy dirèk Citizens nan 866.411.2742 pou depoze yon reklamasyon 24/7.

2. Enfòmasyon Tanpèt

Sezon siklòn nan rive, se donk moman pou prepare ou. Paj [Tanpèt](#) la divize an kat pati: *Prepare, Kontwole, Reponn epi Siklòn yo.* Li genyen you lyen pou ede ou kreye yon lis envantè kay, prepare yon planifikasyon dezas, epi gen lyen pou aksede a [Twitter](#) epi [paj Facebook](#) nou pou ede ou rete enfòme. Amplis, ou ka jwenn enfòmasyon Repons Dezas ak lyen pou resous rekiperasyon, tou sa nan yon sèl paj.

3. Resous Moun Asire Ou Pa Ka Pa Konnen

Gen anpil resous, pa tèlman gen tan. Men sèlman kèk konsiderasyon final:

- Konsilte sesyon [Insurance 101](#) nan paj Asirans la pou jwenn seksyon Konprann Asirans ou a ki se yon seksyon moun yo konsilte souvan.
- Egzamie seksyon [Policy Types](#) la pou jwenn konnen tip kouvèti de baz yo.
- Vizite paj [Learning](#) nan pou gen aksè a bwochi Anglè, Panyòl ak Kreyòl Ayisyen ki fasil pou li, pare pou enprime. Ou vle konnen plis kijan evalyasyon yo afekte pri asirans ou a? Nou gen yon bwochi pou sa!

Paj Entènèt nou an aktyalize regilyèman, donk fè sèten ke ou konsilte li souvan pou toujou rete ajou de tout dènyè nouvèl ak enfòmasyon yo.





KISA YON FRANCHIZ SIKLÒN YO?

Franchiz siklòn nan se yon depans lajan pòch ou responsab, e ki dwe depase, anvan Citizens peye pou dega asirans ou a kouvri.

KIJAN LI FONKSYONE?

Pa egzanp, si kay ou a asire pou **\$250,000** epi li gen yon franchiz **2%**, ou responsab peye **\$5,000** nan reparasyon. Nan ka ou ta fè yon pèt total, Citizens ap peye jiska limite asirans la.*



Li empòtan pou sonje ke franchiz siklòn nan aplike nan yon kalandriye anyel. Pandan yon sezón ki chaje ak siklòn, y'ap sèlmnan mande ou peye franchiz siklòn nan yon sèl fwa – menm si ou ta fè reparasyon de plizyè tanpèt. Kenbe fakti reparasyon yo menm si yo pa rive nan limit franchiz la.



*Limit kouvèti asirans pèsonèl ka lakòz pèman ki siperyè a \$245,000. Mande ajan ou la plis detay.

KILÈ FRANCHIZ SIKLÒN NAN ANTRE AN VIGÈ?

Citizens aplike franchiz siklòn pou reklamasyon lè yon tanpèt oswa yon siklòn oswa yon alèt soti nan Sèvis Nasyonal Meteyoloji nenpòt kote nan leta Florid.



Kesyon?

Mande ajan ou la ki opsyon ki disponib ak kouvèti asirans ou a.

Rele Citizens First

866.411.2742

Fè reklamasyon ou la sou Entènèt nan citizensfla.com/mypolicy

24èd tan pa jou, sèt jou nan semèn nan



myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365



Rele Citizens First nan **866.411.2742**

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi sou kontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET